

# Chwazi Monitè Tansyon Adomisil Ou



Kontwole tansyon ou lakay ap ede oumenm ak ekip swen w lan pi byen jere ak kontwole tansyon wo ou genyen an. Men kèk konsèy sou kijan pou w chwazi monitè k ap bon pou ou an:

## Nou rekòmande:

- 1 Yon monitè pou pati anlè ponyèt ou ki li tansyon ou otomatikman lè ou peze yon bouton.
- 2 Tansyomèt yo vini nan plizyè dimansyon. Asire w ke ou genyen dimansyon k ap bon pou ponyèt ou an pou garanti yon bon lekti.
- 3 Asire w ke aparèy ou a sètifye pou garanti yon bon lekti. Tanpri vizite [www.validatebp.org](http://www.validatebp.org) pou yon lis aktyalize sou aparèy sètifye yo, ki verifye pa Asosyasyon Medikal Ameriken.
- 4 Depi ou fin jwenn monitè tansyon w lan, pote li nan biwo prestatè w la pou konpare li avèk lekti ou jwenn sou sa ki nan biwo a.

## Jwenn monitè BP w la:

- Asirans sante w la ka peye pou yon pati oswa tout depans pou yon tansyomèt si prestatè w mande sa.
  - Famasi renouvèlman Santral CHA a kapab verifye pou li wè si asirans ou kouvri aparèy la.
  - Ou kapab jwenn sa yo nan nenpòt famasi oswa magazen detayan (Tankou Target, Walmart, Amazon, elatriye).
- Si asirans ou a pa peye pou minotè a:
  - Konyt depans fleksib oswa epay sante yo kapab sèvi pou peye pou yon monitè tansyon.
  - Mande ekip swen w lan nan CHA a kijan pou w jwenn disont sou monitè tansyon w lan oswa itilize pwogram prè pou monitè adomisil yo.

**Itilize tablo anba a pou w aprann plis sou kèk nan aparèy tansyon ki pi kouran yo:**

Non*	Seri Omron 3	Seri Welch Allyn 1700	Seri Omron 7
<b>Imaj</b>			
<b>Pri:</b>	35\$	100\$	63\$
<b>Memwa:</b>	14 lekti, san aplikasyon	99 lekti, kenbe lekti yo epi voye yo pa imèl	90 lekti, kenbe lekti yo epi voye yo pa imèl
<b>Fonksyon alite:</b>	Tansyomèt pou pati anlè ponyèt la 9"-13"	Disponib nan dimansyon regilye ak tansyomèt XL	Tansyomèt 9"-13" modle, fasil pou mete

\*Kèk mak pou vann valide, e yo ka disponib nan yon pri ki pi ba.



**Eskane kòd QR la pou jwenn plis enfòmasyon.**